



Pou Piblikasyon Imedya: 17/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE PWOJÈ LWA POU PWOTEJE LOKATÈ NEW YORK YO

Lejislasyon S.7456/A.7273 egzije pou Otorite Lojman Vil New York la bay rezidan yo avi alè lè dlo pa an sekirite pou bwè oswa pou kwit manje

Lejislasyon S.2294A/A.2134A egzije pou pwopriyetè kay ki gen plizyè fanmi yo pou yo bay yon lis rezidan pou kontakte nan ka ijans bay pèsònèl sèvis ijans yo sou demann

Lejislasyon S.358B/A.2258B entèdi enstalasyon kèk aparèy sekirite yo itilize pou kontwole aksè ak zòn komen yo nan yon bilding rezidansyèl san pèmision alekri

Lejislasyon S.548/A.458 pèmèt egzekite yon lokatè ki mouri pou sispann kontra lwaye lokatè a pou evite depans ki pa nesèsè nan imobilye a epi libere inite lojman yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon pake lejislatif pou asire sekirite lokatè yo pandan kèk ijans, pami lòt mezi sekirite yo. Nouvo lejislasyon an egzije Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) pou notifiye rezidan yo nan espas 24 èdtan si yon sèvis piblik oswa ajans gouvènman an fè NYCHA konnen dlo a pa bon pou bwè oswa pou kwit manje; mande pou pwopriyetè bilding ki gen plizyè fanmi yo bay pèsònèl sèvis ijans non ak kontak tout moun ki abite nan bilding yo lè yo mande yo pandan ensandi oswa lòt ijans; entèdi enstalasyon kèk aparèy sekirite bilding yo itilize pou jwenn aksè ak zòn komen nan yon bilding rezidansyèl san pèmision alekri bilding lan; epi pèmèt byen imobilye yon lokatè ki mouri pou sispann kontra lwaye yon lokatè.

"Tout Moun New York merite aksè ak yon kay ki an sekirite ak an sante", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York gen pi gwo pousantaj lokatè pase nenpòt eta nan nasyon an, epi mwen fyè pou m siyen lwa sa a ki pral asire lokatè yo gen plis pwoteksyon ki enpòtan anpil."

Lejislasyon S.7456/A.7273 egzije NYCHA pou bay rezidan yo yon avi alekri nan espas 24 èdtan si yon sèvis piblik oswa yon ajans gouvènman avize NYCHA ke dlo a pa pwòp pou bwè oswa pou kwit manje.

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, "Tout lokatè yo, ki gen ladan moun ki abite nan devlopman NYCHA yo, ta dwe atann dlo potab yo bay bilding yo pwòp epi san danje. Li pa akseptab ke twò souvan yo fè fas ak ensètitid nan sa ki gen pou wè ak kalite dlo k ap soti nan tiyo yo. Lè rezilta tèst yo endike yon danje potansyèl, yo dwe avize rezidan yo imedyatman. Pwojè lwa mwen an ke Gouvènè Hochul ap siyen an lwa jodi a, kreye direktiv pou notifikasyon rapid nan rezidan yo lè pwoblèm kalite dlo a parèt, ansanm ak yon egzijans pou nenpòt laboratwa yo itilize pou teste kalite dlo ki satisfè kèk estanda epi yo pral asire sekirite dlo ki konsome pa tout rezidan NYCHA yo ak fanmi yo."

Lejislasyon S.2294A/A.2134A mande pou pwopriyetè bilding lokasyon pou plizyè fanmi bay yo non ak kontak tout rezidan bilding yo sou demann pèsònèl sèvis ijans k ap reponn ak yon ijans, tankou yon ensandi, fwit gaz, oswa nenpòt evènman kote yo bezwen jwenn lokatè yo pou detèmine sekirite pa yo.

Dapre lejislasyon an, pwopriyetè a dwe jwenn konsantman alekri espesifik ak enfòmè nan men lokatè yo epi lis yo pa kapab itilize oswa difize pou lòt rezon. Pwopriyetè yo pral bezwen mete ajou lis la chak fwa y ap konkli, renouvle, oswa modifye yon kontra lwaye. Dapre akò Gouvènè a te jwenn pou amande lwa pwochen sèsyon an, otorite lojman piblik yo ka mete ajou lis la lè yo resètifye chak ane kalifikasyon pou lojman piblik, pou asire lejislasyon ki otreman benefik sa a pa lakòz chaj administratif ki twò pou sous lojman abòdab ki enpòtan anpil sa yo.

Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare, "Mwen kontan jodi a ke ak siyati Gouvènè a, Eta New York ap pran yon lòt etap pou ogmante sekirite pou lokatè yo atravè Eta New York. Nan evènman terib yon dife, inondasyon, oswa lòt ijans, li ka enpètan anpil epi potansyèlman sove lavi pou premye sekouris yo konnen egzakteman konbyen moun ki rete nan apatman yo ak kay ki gen plizyè fanmi yo. Mwen te prezante lejislasyon sa a apre yon dife grav nan yon koperativ Yonkers, kote premye sekouris yo te gen difikilte pou konfime kote rezidan yo te paske yo pa te gen yon lis moun ki t ap viv nan bilding nan. Mwen remèsye Manm Asanble Jeffrey Dinowitz paske li te defann lejislasyon sa a nan Asanble a ak Gouvènè Kathy Hochul paske li siyen li an lwa."

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare, "Lè yo rele ponpye yo ak lòt pèsònèl ijans yo pou reponn ak yon ensandi oswa yon lòt kriz, responsablite yo gen ladan asire ke tout moun yo evakye san danje nan bilding nan. Travay sa a ka espesyalman difisil lè yon dife eklate nan yon bilding. Sepandan, lwa sa a pral rann li siyifikativman pi fasil pou pèsònèl ijans yo gen enfòmasyon ki nesèsè pou asire ke tout rezidan yo konte lè yon trajedi rive, tankou yon dife ki deklannche nan yon bilding. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul ak Senatè Eta Shelley Mayer."

Lejislasyon S.358B/A.2258B entèdi nenpòt moun oswa antite enstale yon aparèy sekirite san kle pou jwenn aksè ak zòn komen yon bilding rezidansyèl san apwobasyon alekri ki eksprime ki soti nan bilding lan. Gras ak yon lòt akò Gouvènè a te garanti ak Lejislati a, lwa a pral amande pwochen sèsyon an pou mande pwopriyetè bilding yo oswa administratè yo bay rezidan yo yon avi 30 jou sou nenpòt ki enstalasyon yo apwouve, epitou pou garanti enstalasyon aparèy yo pap ni

lakoz chanjman nan pri lwaye ni lakòz rezidan yo gen nenpòt pwoblèm pou antre nan bilding yo.

Senatè Eta a, Kevin Thomas te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen lejislasyon mwen an ki priyore se kirite ak konfidansyalite konsomatè yo apre rapò twoublan sou inisyativ 'Kle pou Biznis' (Key for Business) Amazon lan. Lè nou mande konsantman alekri pou aparèy antre san kle nan bilding rezidansyèl yo, n ap pwoteje dwa Nouyòkè yo epi n ap pwoteje yo kont depans enprevi yo. Sa pral etabli yon presedan pou aplikasyon teknoloji responsab nan kominote nou yo."

Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare, "Nouyòkè yo merite santi yo an se kirite epi rete an sante nan pwòp kay yo. Se poutèt sa mwen kontan Gouvènè Hochul te siyen an lwa yon pake lejislatif ki pral ranfòse se kirite bilding, ki gen ladan lwa mwen an pou entèdi enstalasyon san otorizasyon aparèy pou antre san kle nan zòn komen nan bilding rezidansyèl yo. Lwa sa a pral asire Nouyòkè yo konnen nenpòt aparèy sa yo ap enstale nan bilding yo paske kounye a li pral mande konsantman alekri."

Lejislasyon S.548/A.458 pèmèt egzekite a, administratè, oswa reprezantan legal yon lokatè ki mouri mete fen nan kontra lwaye lokatè a ak yon avi alekri y ap bay mè kay la. Pwojè lwa a pwoteje se kirite finansyèl eritye a ak pwopriyete kay la lè li pèmèt eritye a sispann peye lwaye pandan li egzije byen eritye a peye nenpòt frè ke yo dwe nan bilding lan nan moman y ap mete fen nan kontra a. Lejislasyon an tou pèmèt inite lwaye yo tounen sou mache a pi vit, pou ede pwochen lokatè yo jwenn lojman.

Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare, "Avèk siyati jodi a pa Gouvènè Hochul, n ap korije sitiyoasyon terib kote fanmi lokatè ki mouri yo responsab pou rès pri lwaye sou kontra lwaye apatman an. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak kòlèg mwen Manm Asanble Epstein pou sipò yo. Mwen remèsye tou Barbara Barron, antanke yon elektris ki se premye moun ki te atire atansyon mwen sou sitiyoasyon inekitab ak enjis sa a, epi ki t ap goumen pou adopte lejislasyon nou an depi plizyè ane."

Manm Asanble Harvey Epstein te deklare, " Pèmèt pwopriyete yo kontrenn lokatè ki mouri yo respekte kondisyon kontra lwaye yo reprezante yon fado finansye ki pa rezonab sou do eritye a. Sistèm aktyèl la chaje moun ki pa gen resous pou peye yon fason ki pa jis. Pwojè lwa sa a se yon etap nan direksyon yon sistèm lojman ki pi ekita epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen li."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)